

**ÉFÉKTIVITAS MÉDIA ALAT NGARAGAKEUN SÉL NGALAWAN  
HASIL DIAJAR SISWA DINA MATÉRI STRUKTUR JEUNG FUNGSI  
SÉL**

Ku: Neng Citra Siti Rodiah  
135040065

**ABSTRAK**

*Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun nangtukeun naha pamakean media alat peraga sel bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina materi struktur jeung fungsi sel. Metode nu dipake dina panalungtikan ieu nyaeta Quasi Eksperiment kalawan model panalungtikan ieu Non Equivalent Control Group Design. Populasi dina panalungtikan ieu teh kelas XI MIPA angkatan 2017/2018 SMAN 18 Bandung. Kalayan contoh nyaeta 2 kelas. Kelas XI MIPA 1 jadi kelas eksperimen nu jumlahna 30 siswa jeung kelas XI MIPA 4 jadi kelas control nu jumlahna 30 siswa. Cara milih sempel nu digunakeuna nyaeta Simple Random Sampling. Jenis instrument nu digunakeun nyaeta instrumen tes keur ngukur ranah kognitif nu lobana 30 soal pilihan ganda jeung 2 soal eusian. Hasil tina panalungtikan meunang penteun rata-rata pretest 34,27 jeung posttest 80,40. Sedengkeun dikelas kontrol penteun rata-rata pretest 42,87 jeung posttest 77,07. Dumasar uji hipotesis perbandingan dua rerata dina data pretest nunjukeun yen nilai sig. (2-tailed) nyaeta 0,014 nu hartina data pretest eta bisa disebut aya bedana nu signifikan antara kelas eksperimen jeung kelas kontrol. Sedengkeun data posttest nunjukeun yen nilai sig (2-tailed) nyaeta 0.027 nu hartina data posttest eta bisa disebut aya bedana nu signifikan antara kelas eksperimen jeung kelas kontrol, nu hartina  $H_a$  ditarima,  $H_0$  ditampik. Dumasar kana hasil panalungtikan bisa disimpulkeun yen ningkatkeun hasil diajar teh kusabab ayana pangaruh tina ngagunakeun media alat peraga nu bisa ngeceskeun konsep, ngajadikeun siswa diajar aktip jeung mandiri, ningkatkeun perhatian jeung motivasi siswa, ngajadikeun panca indera siswa ngilu aktip jeung nyegah keterbatasan rohang dan waktu.*

Kata Konci: Hasil Diajar, Media Alat Peraga, Struktur jeung Fungsi Sel.